



Charèt yo pou Aplikasyon Plan SMART la

Itilizasyon espas tè pou sipòte transpò piblik jwe yon wòl enpòtan nan siksè gwò envestisman nan transpò rapid yo. Òganizasyon Planifikasyon Transpòtasyon Miami-Dade la (TPO) ap etidye relasyon ant de bagay sa a yo pou konplete Plan SMART la, ki la pou ede reyalize objektif yo nan kominote a ki ap fèt nan entègretasyon planifikasyon pou itilize espas tè pou transpò ak devlopman estrateji yo.

De (2) seri charèt pral fèt pou Koridò Wout pou Transpò Piblik (Transitway) South Dade la, ki sòti nan Metrorail Dadeland South Station an pou rive nan Florida City (SW 344 Street). Premye seri Charèt yo pral fèt nan mwa Desanm, se pral sesyon planifikasyon entèaktif kote kominote a pral kolabore nan kreye yon konsepsyon sou kijan pou itilize espas tè pou konstwi koridò a.

Charèt yo pou Plan Aplikasyon SMART la Koridò Wout pou Transpò Piblik (Transitway) South Dade

Samdi

2 Desanm 2017

9:00 AM - 1:00 PM

Rankont Piblik nan Vil Cutler Bay
10720 Caribbean Boulevard, 6èm etaj
Cutler Bay, FL 33189

Mèkredi

6 Desanm 2017

6:00 PM - 8:00 PM

Vilaj Pinecrest
Sal Rankont Evelyn Greer Park
8200 SW 124th Street
Pinecrest, FL 33156

Jedi

14 Desanm 2017


6:00 PM - 8:00 PM

Florida City
Sant Aktivite pou Jèn
650 NW 5th Avenue
Florida City, FL 33034

Pou plis enfòmasyon tanpri kontakte:

Alex David, Co-Manajè Ekip Konsiltan an nan 786.485.5192

oswa ADavid@CGASolutions.com



www.MiamiSMARTPlan.com



#MiamiSMARTPlan

Nou mande patisipasyon piblik la, san konsiderasyon sou ras, koulè, peyi kote moun soti, laj, gason oubyen fi, andikap, oswa kondisyon matrimonyal. Moun ki bezwen yo fè aranjman pou yo dapre Lwa pou Moun Andikape nan Etazini a (Americans with Disabilities Act), oswa moun ki bezwen sèvis tradiksyon (gratis) dwe kontakte Lorraine Reigosa omwen 7 jou anvan dat reyinyon an, nan nimewo telefòn (305)705-6342, oswa voye yon mesaj elektwonik nan adrès Ireigosa@roarmedia.com.